

Rekonesans Pòt Devan

Tretman:

Mwen dakò ak otorize Mount Sinai Health System (MSHS), doktè l yo, enfimyè l yo ak lòt anplwaye klinik li yo pou yo banmwen swen. Sa a ka gen ladan l tretman, tès, ak pwosedi ki nesèsè pou swen mwen an ak byennèt mwen. Mwen konnen ke moun ki nan fòmasyon ka pran swen mwen anba sipèvizyon, amwenske mwen mande pou sa pa fèt epi doktè prensipal mwen an detèmine ke li an sekirite pou yo kontinye san manm ekip sa yo.

Obsèvatè ak Founisè Sèvis yo:

Mwen konnen ke moun ki bay sipò teknik oswa founi sèvis yo ka fè pati swen medikal mwen.

Tès san pandan yon ekspozisyon:

Mwen konprann ke si yon moun k ap patisipe nan swen mwen ak tretman mwen ekspoze a sèten likid kòporèl ki lakòz posiblite pou transmèt yon maladi ki transmèt atravè san, y ap teste san mwen pou VIH, Epatit B ak Epatit C pou detèmine risk ekspozisyon yo.

Tès VIH pou Pasyan yo:

Enfòmasyon jeneral sou VIH:

- VIH, viris ki lakòz SIDA a, ka pwopaje atravè sèks san pwoteksyon, pataje zegwi, akouchman oswa bay tete.
- Si mwen teste pozitif, mwen ka jwenn tretman pou VIH/SIDA pou ede m rete an sante epi viv pi lontan.
- Moun k ap viv ak VIH/SIDA ka sèvi ak pratik ki an sekirite pou pwoteje lòt moun kont enfeksyon.
- Li ilegal pou w fè diskriminasyon kont nenpòt moun akòz sitiyoasyon VIH yo.

Dapre Lwa sou Sante Piblik Eta New York (NYS Public Health Law), Atik 27F, pasyan yo oblije resevwa enfòmasyon sou tès VIH jan sa a:

- Founisè swen sante yo dwe ofri yon tès VIH pou tout pasyan ki gen 13-64 an.
- Tès la volontè epi tout rezilta tès VIH yo konfidansyèl (prive).

Mwen te li sa ki pi wo yo epi si mwen gen nenpòt kesyon oswa si mwen ta renmen plis enfòmasyon, m ap notifiye founisè swen mwen an.

Pasyan* oswa reprezantan ki legalman otorize**

Non an lèt detache

Siyati

Dat

Tan

Relasyon

* Ou dwe jwenn siyati pasyan an sof si pasyan an poko gen 18 an oswa li pa gen kapasite.

** Gadyen ke yon tribinal nonmen, Pwokirasyon Swen Sante, oswa Ranplasan dapre Lwa sou Desizyon Swen Sante pou Fanmi (Family Health Care Decisions Act).